

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa téh mangrupa alat anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuh sapopoé. Kagiatan komunikasi basa ngawujud lamun manusa milu aub di jerona. Basa mangrupa lambang-lambang sora nu miboga ma'na. Éta lambang sora téh ngawujud foném, kecap, frase, jeung kalimah, sarta runtuyan kalimah anu silih lengkepan disebut wacana.

Éra globalisasi jaman kiwari mangaruhan kana kamekaran basa pikeun nu makéna. Biasana jalma ngagunakeun basa anu luyu jeung kahayangna, kaasup basa buhun anu geus jarang dipaké di masarakat. Ku lobana basa deungeun nu asup ka masarakat Sunda ngabalukarkeun leungitna basa anu geus aya. Sabab leungitna basa lain ngan ukur teu dipaké, tapi aya balukar tina nu séjenna lantaran barang nu geus euweuh atawa anu geus teu dipaké. Basa nu dinamis tur kapangaruhan ku globalisasi, tangtu aya pangaruhna kana makéna basa dina wacana. Éta kajadian téh bisa dihaja atawa teu karasa ayana, wujud kamekaran nu teu karasa nyampakna nyaéta dina wangun basa nu ditilik tina karya fiksi kapanggih dina novél.

Sabada maca sababaraha novél, nu euyeub ku antésédén tina déïksis sosial téh aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar. Basa dina wacanana loba maké basa buhun lantaran ieu novél nyaritakeun dikarajaan Galuh jeung karajaan Pakuan Pajajaran. Sudaryat (2015 kc. 285) nételakeun yén wacana mibanda komponén pragmatik, anu ngawengku patali jeung analisis wacana, (i) déïksis, (ii) praduga, (iii) implikatur konverénsi, (iv) adégan konverensi, jeung (v) laku basa.

Novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar ieu mangrupa novél sejarah. Ieu novel nyaritakeun kajayaan nagri Pakuan Pajajaran anu di pingpin ku hiji raja nyaéta Prabu Anom Jayadéwata. ku sabab éta, panalungtik nyokot ieu novél pikeun ditalungtik.

Ieu panalungtikan museur kana salahsahiji komponen pragmatik dina wacana nyaéta déíksis. Déíksis téh unsur basa anu nuduhkeun hal atawa fungsi anu tangtu di luar basa.

Naon-naon anu dituduhkeun ku déíksis disebut antésédén. Ari antésédén ngabogaan lima warna, nya éta (i) déíksis persona (ii) déíksis témporal (iii) déíksis lokatif (iv) déíksis wacana, jeung (v) déíksis sosial. Nu disebutkeun bieu ceuk (Lyon dina Sudaryat, 2015, kc. 124) mangrupa wanda déíksis. Nu jadi puseur panalungtikan nyaéta antésédén déíksis sosial. Filmore dina Sudaryat (2015, kc. 141) nétélakeun yén déíksis sosial raket patalina jeung aspék kalimah anu ngebrehkeun atawa diébréhkeun ku (panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun). Dina déíksis sosial kalibet perkara honotfik (sesebutan kahormatan) jeung tatakrama basa.

Cindekna, déíksis téh salah sahiji bagian dina komponen pragmatik, dina makéna basa tur nu dituduhkeun déíksis téh nya éta antésédén. Anu disebut antésédén téh tiap-tiap panyatur, pamiarsa, atawa nu dicaritakeun dina hiji wacana.

Contoh antésédén déíksis éndaforis dina wacana.

Ceuk *Prabu Déwa Nisakala ka Minantuna*, Rahardian Baribin bari rampang-reumpeung. (TTDB/1/8)

Tina conto data déíksis di luhur ébréh yén unsur-*na* dina kecap minantuna téh mangrupa déíksis sosial anu nuduhkeun jeung cicingna saméméh acuan ka Rahardain Baribin. Ku kituna, éta déíksis téh disebut déíksis sosial kataforis sabab ayana di jeroeun wacana sarta cicingna saakan antésédén.

Pikeun ngawanohkeun deui basa buhun salah sahijina ngaliwatan maca. Dina waktu maca bisa manggihan rupa-rupa déíksis nu dipaké nudukeun acuan. Ku kituna urang kudu loba maca pikeun manggihan déíksis atawa antésédén nu ku urang bakal dipaluruh.

Tujuan dina maca nyaéta menangkeun informasi, éta informasi bakal dimeunangkeun tina kalimah atawa déíksis nu nyampak dina bahan bacaan novél. Déíksis nu bakal ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta déíksis sosial anu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar.

Panalungtikan ngeunaan déiksis téh lain hal nu anyar, saméméhna kungsi aya, déiksis anaforis jeung kataforis dina Antalogi *Lir Cahya Nyorot Enteung* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP ku Elis Nurbarkah taun 2008. Analisis Déiksis Sosial dina Novel *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP Kelas IX ku Ita Purnamasari taun 2010. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan nya éta objékna. Dina panalungtikan saacanna nu ditalungtik téh basa sapopoé, sedengkeun panalungtikan nu ayeuna nu ditalungtik téh basa buhun. Ku kituna ieu panalungtikan ngagunakeun novél *Tri Tangtu* di *Bumi* Karya Yosep Iskandar pikeun objék panalungtikanna. Ieu panalungtikan téh dijudulan *Antésédén tina Déiksis Sosial dina Novel Tri Tangtu di Bumi Karya Yosep Iskandar*.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi anu geus dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti di handap ieu:

- a) Antésédén naon waé anu kapanggih dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yoseph Iskandar?
- b) Kumaha wangun antésédén tina déiksis nu kapanggih dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yoseph Iskandar?
- c) Kumaha wanda antésédén tina déiksis dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yoseph Iskandar?
- d) déiksis sosial naon waé nu di paké nuduhkeun antésédén dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yoseph Iskandar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum nya éta pikeun nambahán référensi ngeunaan kecap gaganti jalma dina pangajaran basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan nya éta pikeun mikanyaho tur ngadeskripsiun opat hal, nya éta:

- a) antésédén nu aya dina novel *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar;

- b) wangun antésédén tina déiksis dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar;
- c) wanda antésédén tina diéksis dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar; jeung
- d) Déiksis sosial dina novel *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun mekarkeun élmu pragmatik hususna dina déiksis sosial, sarta tiasa ngawuwuhan teori ngeunaan kaparigelan ngagunakeun basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan diantarana:

- a) Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi acuan keur guru pikeun bahan ajar basa Sunda hususna dina pangajaran maca.
- b) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahana perbendaharaan kecap gaganti jalma atawa déiksis sosial.
- c) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahana kaweruh ngeunaan déiksis sosial dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.
- d) Pikeun nu nulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahana pangaweruh dina widang paélmuanana.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, sakumaha anu dipedar ieu dihandap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibag jadi dua, tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi dua, mangpaat teorits jeung mangpaat praktis, sarta sistemmatoka tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, eusina ngeunaan teori-teori anu jadi tatapakan panalungtikan sarta kalungguhan masalah anu ditalungtik dina widang paélmuan. Tiori-tiori anu dipedar diantarana ngeunaan antésédén, wangun antésédén, wanda antésédén, jeung déiksis sosial. Salian ti éta, dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngeunaan métodologi panalungtikan nu di paké dina ieu skripsi nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun anu kabagi deui jadi instrumén panalungtikan jeung teknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalngtikan, Eusina hasil jeung pedaran tina panalungtikan diantarana waé pedaran ngeunaan antésédén, wangun antésédén, wanda antésédén, jeung déiksis sosial.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina penafsiran ahir panalungtik dina nganailisis hasil panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina rumusan masalah, sedengkeun saran minangka lanjutan, tina hasil panalungtikan.